sÁrtu wareefi doom-aadama

Alliance pour un

Monde Responsable, Pluriel et Solidaire

www.alliance21.org

Kóllërante ngir amal àdduna bu xam wareefam, nangu wuute yi tey dimbalante

Traduction du Français au Wolof
IBRAHIMA TOP
Décembre 2003

Gaaral ab naal ci :

*Sàrtu** wareefi *doom-aadama** yi

Li tax a jóg *Sàrt bi, lim ëmb ak yoon wiñ ko taxawalee.**

Ana fan la xalaatu taxawal Sàrt bi jógée?

" Suuf si mooy sunu dëkkuwaay bi nga xam ne benn la, te dara mënu koo wecci. Doom-aadama yi ak luñ wuute-wuute, ñoo bokk nekk ci àddunay ndundéef yi, te ñoo bokk it di yëngu ci lu koy jëme kanam. Seen ëllëg benn la, kenn mënu koo xàjjale."*

Ci kàddu yóoyu la *naal** bi njëkk ci Sàrt bi dooreewoon. Mooy naal bañ jébbaloon , ca atum 1999, mbooleem kuréeli liggéey yi bokk ci ***Mbootaayu Kóllërante**** gi ngir amal àdduna bu xam wareefam, nangu wuute yi tey dimbalante. Mbir la mu amoon solo lool ci *taariixu** Sàrtub Kóllërante gi, ay waxtaan yu takku te xóot la woon ci digante mbooleem ñi nga xam ne ñépp li leen boole mooy itté guñ am ci *kiris** yi doom-aadama di jànkonteel , te yit ñu bëgg a lëkkale seen bopp ak ñeneen ngir taxawe lépp lu suñ jamono ji laaj.

Waxtaan yaa ngi ajuwoon ci njëriñ li tax ñu war a amal ab Sàrt , ci ag jaadoon, ci nim bindóo ak naka lañ koy dëggalee, ci ban anam lañ koy doxalee ci biir **sosiyete siwil bi** ak ci biir kuréel yi réew yi séq. Ca ndoorte laak léegi, naalub 1999 may na ñu ñu mën a ubbi waxtaan wu yaa te xóot ci digante *caada** yi, ak ci digante xeeti xam-xam yu wuute. Ay *coppite** yu am solo indi nañ ko ci naal bi.

Woomal: *riche*

Wormaal: respecter
Wunt: portes (pluriel de **Bunt**)
Xarala yi: les savoir-faire, les techniques
Xarnu: Siècle
Xët: page, texte
Xewet: circonstentiel, événementiel
Xibaar: information
Yàqu: gâté, fausse (idée)
Yéene ji: déclaration d'intention, préambule
Yéenéeb àdduna wërngël-këpp: la Déclaration Universelle
Yëg ne…: avoir conscience que…
Yëg-yëg : sentiment, conscience
Yell: convenable, digne, correcte
Yëngu-yëngu yi: les activités
Yoon: Loi, voie
Yoxo: les mains, (pluriel de **LOXO)**
Yuq: moelle, essence d'une chose

Dégginu: définition,sens d'un mot.
Delluwaay: référence
Dooley mbooloo: force collective
Doom-aadam: être humain
Dund gi: la vie
Farata: devoir**,** obligation
Gawe: imposer, forcer
Géew: domaine, enceinte
Giséefu: visible
Giséefuwul: invisible
Jaadu: légitime
Jaamaarlook: faire face à…
Jafe-jafe yi: les difficultés,
Jeexital: conséquence, effet
Jëfandikóo: employer, exploiter, utiliser
Jëflante: coopération
Jéggi dayo: démesuré, immense
Jëmmalee: matérialisé
Kàttan: puissance, énérgie
Kéemtaan: mystère
Kiris: les crises
Kóllërante: Alliance
Koom-koom: économie
Kumpa: ce qui est caché, incertitude
Kuréeli nguur gi: institutions étatiques
Lawal: étendre, diffuser.
Lëli liggéey: séances / attelier de travail.
Màndaxe: mettre des choses en balance.
Marse yi daj àdduna: les marchés internationaux.
Mat: complet, parfait.
May-may yi:les ressources naturelles.
Wareef: Responsabilité
Wéeruwaay :fondement, appui
Wóllëré: allié

Lu waral ñuy amal ab Sàrt bu bees?

Ca atum 1993, ci la Mbootaayug Kóollërante gi juddu ci siiwalug *xët** mi ko sos , muy: **" Kenu yiy tax a am *àdduna** bu xam wareefam tey dimbalante".** Ab woote la woon ci nu booloo ngir mën a génn ci sunu lott ak sunu tële ci kanam kiris yu mag yi àdduna bi di jànkonteel , niki: *ngaabi** mi dox digante *Bëj-saalum** ak *Bëj-gànnaar**, dox digante góor ñi ak jigéen ñi, dox digante *càkkéef** gi ak doom-aadama. Siiwalum xët mi am na taxawaay bu am solo ci yëkkati ay nit, ci mbooleem tund yi, ñuy weccante ay xam-xam ak i xalaat ci mbooleem *yëngu-yëngu** yi doom-aadama yi di yëngu; am na solo yit ci xàll ay yoon yuy may doom-aadama yépp ñu dund dund gu baax te *yell**, naka noonu, suuf si yit dina ci aaroo.

Ña bokkoon di doxal jéegó bu njëkk bóobu, lañ mujj a jàpp mooy ne ngir *jaamaarloo** ak jafe-jafey *Xarnub** Ñ**aar-fukkéel-ak-benn bii**, wareef la bu ***mënt a jaas**** ci ñu amal, nam gën a gaawe, ab déggóo bu bees ci digante doom-aadama yi ci wàllu dundin, mu doon kenug seen jëflante ngir sàmm **ag *nite**** bam mën a wéy di des ci kaw suuf. Déggóo bu ni mel dafa war a am melow Sàrt boo xam ne ñi dëkkee ci goxi àdduna bi yépp ñoo koy njëkk a dëggal, gannaaw lóolu nak kuréel yi réew yi séq dëggal ko ñoom it.

"Ñatteelu kenu bi"

Fii ñu tollu tembe, doxub àdduna bi ci ñaari kenu rekk la tege ñuy: ***Yéenéeb àdduna wërgël-këpp**** **bi jëm ci àqi doom-aadama,** te li ko tax a jóg mooy jox worma nit ku nekk te sàmmal koy àqam; ñaareelu kenu bi mooy ***Sàrtu Mbootaayu Xeet yi Bennoo**,** te li ko tax a jóg mooy saytu jàmm ak **dewalopmaa** ci àdduna bi. Ñaari kenu yii amal nañu

ay jéegó yu am solo, yu kenn dul weerante, ngir jaarale yoon jëflante yiy dox ci biir àdduna bi. Waaye, ci juróom-fukki at yu mujj yii, ay coppeeku yu xóot-a-xóot xew na ci àdduna bi. Lóolu tax na ba doom-aadama di jankonteel ak i jafe-jafe yu bees. Bir na tey ni ñaari kenu yu njëkk yóoyu doyatuñu ngir mën a dékku coppeeku yiy xew léegi ak yi war a ñëw ëllëg. Xalaatu amal ñatteelu kenu, maanaam "***Sàrtu Suufu Dunyaa****", te muy gën a ittewóo jëflante yi dox digante doom-aadama bi ak ***géewub ndundéef yi**** (Biosphere), moo ngi njëkk a feeñee ca ndaje ma amoon ca dëkk buñ naan ESTOKOLM, ca atum 1972 te àdduna bi yépp séqoon ko. Xalaat bóobu yëkkatiwaat nañ ko ba ñuy waajal ndajeem "**Sommet de la Terre"** ca atum 1992 ca RIYOO DA JANEERO; wante ndaje ma yeggul ci mën a yaxal Sàrtub Suufu Dunyaa, ndaxte nguur ya fa teewoon déggóowuñu ci nose bu méngóok li àdduna bi laaj.

Booba ak léegi, naali Sàrt yu bari tukkée nañ ci ay jàmbur yu bokk ci **Sosiyete Siwilu** àdduna bi. Naal yu bari yóoyu day wone bariwaayu ñi gëm ne amal "**ñatteelu kenu bi"** luñ war a gaawe la. Mbootaayug Kóllërante gi daa def, benn ci ay *mébétam**, muy fexe ba ñépp dugal seen *yoxo** ci mbindum Sàrt bu ni mel.

Ni mbind mi doon doxee.

Taxawal ab Sàrt daa laajoon baamtóok-a-baamtuwaat, ndax daa waroon a jëmmal ñaari jubluwaay yii di **bennoog doom-aadama yi ak seen wuute:** muy tekki ne dañoo waroon a yaxal ay *ndëggu** yu ñépp bokk ci wàllu jëf, ànd ak ñu *wormaal** wuute yi am ci wàllu caada, am ci làkk yi, am ci wàllu *koom-koom**, am ci wàllu politig ak ci wàllu Séwógaraafi (géographie). Ngir mën a dëppóo, ndànk-ndànk, ci xalaat moo taxoon ñu jàpp doxalinu jaabante: **Dem-Dellusi**.

Sañ-sañ: pouvoir de décision, liberté
Sart: Charte
Sàrtu Suufu Dunyaa: la Charte de la Terre
Séddóowée: se partager
Settantal: analyse, science
Sottandiku: traduit, transférer
Suuxat: développer, arroser
Taariix: Histoire
Takke: lier
Tàqale: séparer
Tawféex: bonheur, épanuissement
Tëlé: impuissance, faiblesse
Tënk: limiter
Tolof-tolof:
Waawu ñépp: l'accord de tous
Wànqaas: branches (pluriel **Bànqaas**)
Ádduna : le monde**.**

Àpp bu jage: court *terme.*
Àpp bu sori: long terme.
Àqi Doom-aadama: les Droits de l'Homme.

Askan : peuple
Askanalee: attribuer,
Baax yi: les valeurs, les us et coutumes.
Bëj-gànnaar: le Nord.
Bëj-saalum: le Sud.
Benefiis: bénéfice, intérêt.
Caada gi: la culture.
Càkkéef gi: la nature.
Càkkutéef: aspiration, besoin
Cooroon: Automne
Coppite: changement
Dàtt: la base d'un arbre.
Dayo: dimension, mesure

Lexique :

Mbooleseen: dans leur ensemble.
Mbootaayu Kóllërante: Álliance.
Mbootaayu Xeet yi Bennoo: O.N.U.
Mébét: souhaît, objectif.
Mënin: spécialité.
Mën-mën: capacité, pouvoir.
Mënt a jaas: nécessaire, indispensable.
Móolaat: reéditer, recomposer.
Musiba yi: les dangers, les catastrophes.
Naal bi: le projet.
Ndàmpaay: réparation, dédomagement.
Ndëggu: base, fondation
Ndëkk-wër gi: l'Environnement.
Ndundat yi: les êtres vivants (les végétaux particulièrement)
Ndundéef yi: les êtres vivants (les animaux particulièrement)
Nekkin: état, situation (social).
Ngaabi: le fossé

Ngaañ yi: blessures*, domages.*

Ngëm: foi, croyance
Nité: humanité,
Njàqare: inquiétude.
Njekk: ce qui est convenable

Njëriñi léegi-léegi: ***des intérêts immédiats***

Njub: Droit, éthique
Pas-pas yi: les principes
Per mi: le tronc
Ponki doxalin: règles de conduites, préceptes
Risk: risques
Ruu: esprit, âme, spirituelle
Saafara: remède, solution

La ko doore atum 1995 ba atum 1998, ci ittéy **ANDARE LËWESK** ak ékibam, amal nañ ay *lëli liggéey** ci Afrig, ca Asi, ca Amerig Latin, ak ca Ërób. Jubluwaay bi ci lël yóoyu moo doon génne, *ay baax** ak i *pas-pas** yu ñépp bokk, ci li doom-aadama yi di dund bés bu ne ci biir sosiyete yu wuute yi. Naalub Sàrt bi njëkk (1999) mooy doom ja juddóo ca liggéey yóoyu.

La ko doore 1999 jàpp njeextel atum 2000, ci la ñu natt naalub Sàrt bi ci anam bu matale, ngir xool naka la pas-pas yim ëmb di mën a doxee, suñ leen dugalee ci biir xeeti yëngu yu wuute yi doom-aadama yi di yëngu, ak ci biir *géewi** caada yu wuute yi.

Ci diir boobu, fekk na Mbootaayu Kóllërante gi sumbóon ay liggéey yu bari ngir nas ay xalaat yu mën a teggi *jafe-jafey** **Ñaar-fukkéelu Xarnu béek benn**. Ba naalub Sàrt bi génnée ca atum 1999, xalaat ya ca juddóo bañ leen seggee, moo waral ñu *móolaat** ko ci anam bu bees ngir mu jëlaale xalaat yóoyu.

Kómité bi féetéewóon mbind mi jébbalóon na ab Kómitéeb Borom-xel-yu-sell (un Comité des Sages), ab naal bu njëkk ca jamonoy ***Cooroon****

ca atum 2001, ñu seet ko daldi ciy indi ay deferaat yu am solo. Naal bóobu lañ jébbal jàmburi àdduna bi ca Ndaje mu yaa ma Mbootaayug Kóllërante

gi amaloon ca weeru Desàmbar atum 2001 ca dëkk buñ naan LIL (Faraans). Ña bokkoon ca Ndaje ma gëstu nañ Naal bi, seet ndax méngóo naakA ni seeni gox bindóo. Xalaat yañ fa génne moo tax ñu mën koo bindaat ci anam bi gën. Bañ jógée ca Ndaje mu yaa moomu amoon LIL, ca la ñu jébbal Naal ba ca tukkée ay *wóllëré** ngir waxtaan céek ñoom. Lóolu moo jur xët mu mujj mii nga xam ne siiwal nañ ko ci anam bu yaatu digante weeru Oktoobar 2002 ak léegi.

Dox bi du yem LIL:

Ginnaaw Ndajeem LIL ma , Sàrt bi, mu gaaw mu yéex, war naa wéyal yoonam ci biir Sosiyete Siwil bi ak ci biir kuréeli àdduna bi réew yi séq ; ñun de boog lóolu mooy sunu mébét. Mbootaayug Kóllërante gi dina wéy di gëstu, di xool ndax Sàrt bi méngóo naak nekkin yu wuute yi ci wàllu caada, ndax méngóo naak wuute yi am ci digante mboolooy xeeti liggéeykat yi.

Sàrt bi: *dàtt** bi ñépp bokk ngir gis-gis yu wuute yi Mbootaayug Kóllërante gi ëmb mën a wéy

Sàrtu wareefi doom-aadama yi, moom rekk ci boppam, du doy. Day leeral doŋŋ *yuqub** li xalaat yi tukkée ci kuréeli liggéey yi aju ci Mbootaayug Kóllërante gi bokk: muy woote jëmale ci *yëg ne** am taxawaay yu bees wareef la wu mënt a jaas ci ñépp, moo xam muy mbooloo walla muy kenn-ak-boppam. Pas-pas yi ëpp solo ci Sàrt bi, ñooy taxaw taxawaayu *per mi** ñépp bokk, nga xam ne dees na leen mën a *sottandiku**, jëmmal leen ci ay làkk yu wuute ak ci biir xeeti yëngatuy doom-aadama yu wuute ci anam bu dina méngóok caada ju ne. Ngir mu gën a leer, mën nañoo nirale pas-pas yóoyu ñépp bokk, ni ay reeni garab yu yenu am per mu sax ay *wànqaas** yu bari.

Màndarga yi ëpp solo ci Sàrt bi

- Sàrt la bu aju ci wareefi doom-aadama yi ngir *jaamaarlook** jafe-jafey Xarnub Ñaar-fukkéel-ak-benn;

Sàrt bi du ab Dókimaa buy topp *xewet**, li ko ittéel di rekk liy xew ci *àpp bu jage** walla muy ittéwóo benn rekk ci yëngatuy doom-aadama. Déet-wallaay! Sàrt bi

- Jàmm ju sax mëneesu koo amal, bu yoon wuy sàmm worma ak àqi doom-aadama yi amul.

- Ngir doom-aadama bi mën a am *tawféex**, war na ñu koo jox ay *càkkutéefam** ci wàllu *ngëm**(*Ruu**), fajal ko yit ay soxlaay yaramam.
- Doxal nguur du doon lu *jaadu**, féek nekkul di toppatoo li ñépp bokk, féek ñim yélif amuñu sañ-sañu xool li muy def.

- Jëfandikóo may-may yi ci biir Càkkéef gi ngir faj soxlaay doom-aadama yi, daa war a dugg ci biir doxalin wu gën a yaatu wu jëm ci aar bu baax Ndëkk-wër gi te di ko jëfandikóo ci xel ak teey.

- Wuutum alal mi mëneesu koo *tàqale** ak séddale am-am yi ci yoon.

- Am sañ-sañu gëstu ci wàllu xam-xamu settantal (Science), day tekki ñu nangu ne gëstu boobu ngëmu nit ñi ak seeni mbaax mën nañ koo *tënk**.

- Xam-xam yéek *xarala yi**, seen soloo ngi feeñee dëgg ci buñ leen *séddóowée**, jëfandikóo leen ngir dimbalante, ngir doxal yoon ak di *lawal** caadaay jàmm.

- Dogal yi ñuy jël, ci àpp bu gàtt, mu jëm ci soxla yi gën a jamp, war nañ cee sóoraale di natt ya ca mën a juddóo ci ay ***risk**** ak i *kumpa**, ci *àpp bu sori**.

- kay day gaaral ay pas-pas yu matale, yoo xam ne ñépp ñi ci ànd nangu leen, ñoo leen bokk, muy seen mbir.
- Sàrt bi daa war a doon ab fondamaŋ ci amal ab déggóo bu bees ci wàllu *nekkin**, déggóo buy tëral ay *ponk** yu bees ñeel bépp xeetu nekkin, mbaa xeetu liggéey ci biir Sósiyete bi. Mébétu Sàrt bi mooy mu doon ab *delluwaay** ci doxaliinu nit ñi, waaye it mu doon delluwaay ci ni ñuy doxalee politig bi, ci ni ñuy doxalee *kuréeli nguur gi**, ak ni ñuy doxalee *yoon**.

- Pas-pas yu matale yi Sàrt bi di biral, dañ leen a war a jëmmal ci ay *géew** yu wuute, di leen dugal ndànk-ndànk ci biir xeeti yëngatu yi doom-aadama di yëngatu, ñu nekk di delluwaay ñeel doom-aadama yi ci seen bopp, ñeel kóminóte yi, ñeel xeeti liggéeykat yi, ñeel nguur yi, ñeel këri liggéey yi, añs…

Ndax “Wareef” baat la bu àdduna yépp xam?

Waaw ak Déed. Lii di maanaam **wareef**, di jikkó bu baax, dees na ko fekk ci mépp mbooloom doom-aadama, ànd ak nak ay wuute ci anam bañ koy war a taxawe. Ci yenn Sósiyete yi, mbooloo méey tànn kenn jox ko wareef; waaye kenn du jóg rekk jox sa bopp wareef. Ci noonu, anam bi ñuy *askanalee** ku nekk ay jëfam day wuute. Wuute yi ci wàllu caada ñooy gën a fësati, su dee ne dañuy jox baatu “wareef” gis-gisu yoon.

Kiris bi doom-aadama di jànkoonteel tembe moo laaj ñu jéggi wuute yóoyu. Niki nga xamee ne xeeti àdduna bi nangu nañu xalaatu “**Aqi Doom-aadama”,** nóonu yit la yëkkati xalaatu “**Wareefi Doom-aadama”** nekkee mbir mu mënt a jaas. Doxal àdduna bi ak *jëflante** ci biiram, kenn mënu koo xalaat bu amul ay

gis-gis ak i pas-pas yu àdduna bi yépp nangu ne am nañ njëriñ ci mbooleem doom-aadama yi, ak fu gis-gis yóoyóok pas-pas yi mën a jógée.

Wareef wi jëm ci dund gi ci boppam.

Yaatuwaayu **kiris** yi laal nekkin wi ak ***Ndëkk-wër gi**** (L' Environnement), ci sunu jamono jii, tax na ba soxla si gën a jamp fiñ tollu tembe mooy naka la ñuy aaree dund gi ñu Yàlla jox. *Dund gi** doom-aadama yi sàkkuñu ko. Dañ cee bokk rekk: dund gi mooy *kéemtaan** li *takke** lépp liy dund , mooy wéy ci Càkkéef gi, di wéy ci doom-aadama yi, di wéy it ci jokkoo yi dox seen digante. Ak luñ wuute-wuute, doom-aadama yi yépp ñoo bokk am wareef ci sàmm àqu dund ci boppam. Lóolu tax na ba Sàrt buñ tabax ci kaw *yëg-yëg** boobu , fàww mu doon lu soxal àdduna yépp , ndax lim ëmb lépp li nekk, li *giseefu** ci bët ak li *giseefuwul**. Naam, li dund gi ëmb jéggi na xam-xam ak mën-mëni doom-aadama, waaye nak *wareef** la ci doom-aadama yépp, *mbooleseen**, ñu ànd sàmm ko.

Ci wareef wóowu nga xam ne lépp ci moom lay sukkandiku, ci la ñuy gisee ne jox yeneen askan* yi ak yeneen xeeti *ndundat yi** palaas bu sax mbir la mu mënt a jaas. Anam ba ñuy séddalée wareef woowu ak palaas boobu mën naa wuute digante gox-ak-gox; waaye fépp, sàmm palaasu ñeneen ñi ak palaasu yeneen xeeti ndundat yi , def nañ ko mu bokk ci liy wéyal dund gi ci boppam.

Gisin woowu ci la xalaatu gaaral Sàrtu Wareefi Doom-aadama bii di ñëw juddóo:

koom bi, sàmm ndëkk-wër gi, boole kook wormaal àqi doom-aadama yi ?

Ci mbir yu mel nii nak, wareefu doom-aadama day laaj ñu bañ a sànk benn ci soxla yóoyu ngir yeneen yi. Ñàkk a doxal yoon ci wàllu koom-koom, bañ a wormaal àqi doom-aadama yi, ak ñàkk a sàmm ndëkk-wër gi ; gëm ne mënees naa amal *saafara** yenn ci jafe-jafe yóoyu te duñ ci boole yeneen yi, ci diir bu yàgg, xalaat bu *yàqu** la. Askan yépp war naño amug yëg ci lëkkalóo bi am ci digante mbir yóoyu ; bu fekkee ne sax taariixu askan wu ne ak nekkinam tembe mën naa tax li ko gën a soxal wuuteek lóolu, kon it du jaadu muy topp soxla soosu bay bañ a *faaydaal** yeneen farata yi.

Ci gisin wii la ñu sukkandiku ngir amal pas-pas yii di ñëw :

PAS-PAS YI

war a leeral nu ñuy doxalee wareefi doom-aadama yi.

Wareef la ci ñun ñépp ñu taxawu àqi doom-aadama yi ci sunuy xalaatin ak ci sunuy jëf.

- Ngir ñu mën a jàkkaarloo ak jafe-jafey tey yi ak yi war a ñëw ëllëg, dina am solo lool ci nu ànd di jëf ; noonu lay amee solo yit ci ñu *suuxat** wuute bi am ci wàllu caada, ba genn caada du suul geneen.

- Wormaay ku ne day laaj mu taxaw ci luy jox ñeneen ñi seen sañ-sañ ak seen worma.

SÀRTU WAREEFI DOOM- AADAMA

Juróom-benni "**dëgg**" yi waral Sàrt bi:

1. Sitiyaasiyoŋ bu bees tàq bi doom-aadama di jankonteel tembe, daa laaj ñu amal ñatteelu kenu gu xeet yépp ak gox yépp di bokk, su ko defee mu mottali ñaari kenu yi fi nekkoon te yenu woon jëflante bi ci biir àdduna bi , ñuy: **Yéenéeb Adduna bi aju ci Áqi Doom-aadama,** ak **Sàrtu Mbootaayu Xeet yi Bennoo.**

2. Jikkó yu baax yi, niñ leen mën a *jëmmalee** ci nit ku ne, noonu lañ leen mën a jëmmalee ci mbooloo mu ne, ñu nekk di tektal ci ku ne nim war a doxalee ; waaye yit ñu doon *wéeruwaay** ci wàllu yoon.

3. Maanaam **wareef,** nga xam ne kenn mënu koo génne ci benn jëflante buy xew ci digante doom-aadama yi, pas-pas la bu àdduna yépp bokk.

4. Buñ xoolee liy juddóo ci yëngu-yënguy doom-aadama yi ak duggante bi am ci digante Sosiyete yi, kon yaatal *dégginu** **wareef** day daldi doon *farata**. Wareef am na ñatti dayo: <u>bu njëkk bi</u> mooy ñu nangoo gàddu lépp lu juddóo ci sunuy jëf ci lu jage ak lu sori; <u>ñaareel bi</u> mooy ñu jàppoo ngir génn ci *tëlé**; <u>ñatteel bi</u>, ñu xam te nangu ne wareefu ku ne mu nga tollu na xam-xamam ak mën-mënam tollu.

5. Sàrtu Wareefi Doom-aadama yi du *gawe** ay *ponki doxalin**, waaye day xamle li gën di farata te ñu war koo jiital; boolekook di woo nit ñi nak ci ñu tànn.

Áqi Doom-aadama, ñépp a ci bokk yem ci yeyoo koo laaj; waaye wareef yi, ñoom, ñu ngi aju rekk ci mën-mëni ku ne. Nu nit ki gënee am sañ-sañ, gën koo jotee *xibaar**, gën koo amee xam-xam, am-am ak mën-mën ; *kàttanam** ci mën a taxawe ay wareef di gën di yokku, naka noonu warugaru tontu ci ay jëfam di gën di yokku.

Wareef yi duñ yem rekk ci doxal leen ci jëfi tey yéek yu ëllëg yi, waaye dañ ciy laawaale sax jëf yi wees. *Ngaañ yi** wees te mbooloo defoon leen, war nañ koo nangu ci *njekk** ca kanam ñañ ko defoon, jox leen it *ndàmpaay** kem fa seen mën-mën tollu.

Bu wóoree ne tuuti lañ xam ci li mën a juddóo ci sunuy jëf, tey ak ëllëg, kon day nekk wareef ci ñun, su nuy def ñu boole ci woyof ak teey.

<u>Taxawwe wareef yi</u>

Ci biir taariixu doom-aadama, xalaat yu sell yi, moo xam ñu askanoo ci diine walla déet, dañoo mës di jàngale ay baax , ngir gindi doom-aadama bi mu mën a am taxawaayu ku *mat**. Xalaat yóoyu la doon seen fondamaŋ, te ba léegi it mooy wéy, mooy ne soppi Sosiyete bi mënt a nekk su nit ki ci boppam soppeekuwul .

Bokk na ci baax yóoyu : *wormaal** bépp xeetu dund, ku ne am àq ci dund dundu gor, taamu waxtaan ba jubóo ci jëfandikóo doole, am cofeel ak yëg ci ñeneen ñi, dëggu ak màndu , jàmm ak déggóo, *yoon** ak *njub**, jiital li ñépp bokk ci sa njëriñu bopp.

Léeg-léeg nak ñu war a *màndaxe** baax yóoyu ngir xam liñ war a def, ci misaal bu fekkee ne am na kenn nit walla ab Sosiyete bu jaaxle ci lan la war a def su bëggée yokk koom-

6. Mépp mbooloom nekkin walla mu liggéey war naa sukkandiku ci Sàrtu Wareefi Doom-aadama bi ñépp bokk ngir taxawal *ponk** yi ko soxal ci wareefu boppam. Ponk yóoyu ñooy fas kóllare gi koy takke ak li des ci Sosiyete bi.

Yéené ji* :

Doom-aadama mësul a am *jeexital** bu xóot ci kaw moroomam ci wàllu nekkin, ci wàllu politig, ci wàllu koom-koom ak caada niki mu ko amee léegi. Doom-aadama mësul a am ci xam-xam ak mën-mën lu ko may mu soppi càkkéef gi ko wër,ni mu ko amee léegi.

Ánd ak kàttan yu *jéggi dayo** yóoyu doom-aadama am, terewul ay *kiris** yu kenn *mëst a gis** di feeñ fépp.
Yokkuteb wuute yi am ci wàllu koom-koom ci biir xeet yéek ci seen digante,dajaloo bi *sañ-sañ** bi dajaloo ci wàllu koom-koom ak politig ci ay *yoxo** yu néew, *musiba** yiy yoot wuute gi am ci caada yi, walla boog *jëfandikóo** gu *jéggi dayo** gi ñuy jëfandikóo *may-may** yi ci càkkéef gi, lóolu lépp di jur ay *tolof-tolof** ak i jaamaarloo ci biir àdduna bi yépp, di amal it ay *njàqare** yu mag ci lu jëm ci ëllëgug sunu Suuf si : lii day tekki rekk ne dañoo tollu ci *selebe** yoon ci biir *Taariixu** doom-aadama.

Rax ci dolli , kuréel yiy yëngu ci wàllu nekkin te waroon a taxawe mbir yóoyu , seetlu nañ ne, seen solo day gën di néew. Doole ji ***marse yi*** *daj àdduna** bi am, moo nasaxal la doon warigari réew yi. Kuréel yiy yëngu ci wàllu xam-xam, ñoom, *njëriñi léegi-léegi** yu aju ci seeni *mënin** rekk la ñuy topp ; di gën di dummóoyu nak lépp lu jëm ci *settantal** *jafe-jafe** yu mag yi doom-aadama di jànkonteel, ak naka lañ ci war a taxawee. Kuréel yiy saytu lu jëm ci wàllu koom-koom ci biir

àdduna bi amuñu ndam ci mën a wàññi *ngaabi** mi dox digante ñi *woomal** ak ñi ñàkk.

Këri-liggéey yi (Les entreprises), nga xam ne ***benefiis**** rekk a leen soxal, wuut giñ koy wuut day jur ay tolof-tolof ci wàllu nekkin ak ci wàllu **ndëkk-wër** (Environnement)**.** Kuréel yiy yëngu ci wàllu diine, ñoom it, defuñu seen warugar bam mat ci tontu yiñ waroon a indi ci jafe-jafe yu bees yi sunu Sosiyete yi di jankonteel.

Buñ xamee lii, day *jaadu** nak ci ku nekk mu taxawe ay wareerfam, moo xam muy kenn ak boppam mbaa muy mbooloo.

Sàrt bii mooy leeral xeeti wareef yóoyu ak nuñ leen mën a doxalee. Sàrt bi ab jéegó bu bees la bu jëm ci doxal àdduna bi ci *waawu ñépp**, sës ko nak ci wareefi doom-aadama yi ; jéegó la yit ci amal ab wéeruwaay ci wàllu *Yoon** bu wareef yóoyu di sukkandiku.

Xeetu wareef yi

Lëkkaloo biy gën di yokku rekk ci digante nit ñi, di yokku ci digante Sosiyete yi, di yokku ci digante doom-aadama yéek Càkkéef gi, li muy jur mooy day yokk, ci lu jage mbaa mu sori, jeexitali nit ñi ak mbooloo yi ci kaw Ndëkk-wër gi, muy Sosiyete bi ñuy dund ak Càkkéef gi leen wër.

Sitiyaasiyoŋ bii ubbil na ku ne ci ñun ay ***wunt**** yu bees yum mën a jaar ba am taxawaay ci xeex jafe-jafe yu bees yi doom-aadama di jankonteel : bépp doom-aadama am nga *mën-mën** ci taxawe lenn ci ay wareef ; bu amee sax ay doom-aadama yu yëg ci seen bopp ag tëlé, kon it mën nañoo jàppaloo ak ñeneen ngir amal *dooley mbooloo**.